# ПРОФЕССОР С.БАҲАДЫРОВАНЫҢ ИЛИМДЕГИ ҲӘМ ДӨРЕТИЎШИЛИКТЕГИ ПИДАЙЫ ХЫЗМЕТЛЕРИ

**Бекбергенова Зияда Утеповна**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис*

ХХ әсир қарақалпақ халқының тарийхында барлық илимлер қатары гуманитар илимлердиң пайда болып, қәлиплесиўине ҳәм раўажланыўына кең жол ашты. Филология илиминиң, сондай-ақ, фольклортаныў ҳәм әдебияттаныў тараўының, қала берсе көркем әдебияттың раўажланыўында Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, Н.Жапақов, И.Сағыйтов, О.Кожуров, Б.Исмайловлардың орны гиреўли болды. Аты аталған алымлардың салған соқпақларын гүзар жолға айландырыўда М.Нурмуҳамедов, С.Ахметов, Қ.Мақсетов, Қ.Султанов, Қ.Байниязов, К.Мәмбетов, Қ.Камалов ҳ.т.б. алымлар менен бир қатарда филология илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери, Беруний атындағы Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты Сарыгул Бахадырованың хызмети айрықша орын ийеледи. Сарыгүл Баҳадырова өткен әсирдиң 60-жыллары басқаларға уқсамаған таланты ҳәм өз қол таңбасы менен әдебият дүньясына кирип келди. Мине, усы узақ жыллардан бери ол қарақалпақ фольклортаныўы менен әдебияттаныўының ҳәм көркем әдебиятымыздың гүллеп-раўажланыўына саналы өмирин арнап келмекте.

С.Баҳадырованың илимдеги ҳәм көркем әдебияттағы хызметлери белгили әдебият изертлеўшилери Қ.Султанов, С.З.Кедрина, З.Насруллаева, К.Худайбергенов, М.Бекбергенова, Т.Т.Давыдова, М.Низаматдинов, З.Бекбергенова, Г.Нуратдинова, Ж.Хошниязов, Қ.Жәримбетов, П.Нуржанов ҳәм тағы басқа да алымлардың мақалаларында улыўмалық мазмунда сөз етилди.

Профессор С.Баҳадырованың өмири ҳәм дөретиўшилик хызметлери ҳаққында қысқаша тоқтап өтетуғын болсақ, ол 1944-жылы, 20-сентябрьде Қараөзек районында хызметкер шаңарағында туўылады. 1951-1961-жыллары өзи туўылып-өскен район орайындағы Ю.Гагарин атындағы орта мектепте оқыйды. 1961-1966-жыллары Т.Г.Шевченко (ҳәзирги Әжинияз атындағы педагогикалық институты) атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик désinститутының тарийх-филология факультетинде тәлим алады. 1966-1967-жыллары Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының Н.Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында (ҳәзирги Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты) лаборант болып ислейди. 1967-70-жыллары Ташкенттеги Өзбекстан Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалынын аспирантурасында оқыйды. Ол

билимниң шексиз теңизине қарай жол излеп Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының (ҳәзирги бөлиминиң) Н.Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебияты институтында хызмет жолын баслады. Ол усы институтта әпиўайы лаборанттан баслап институт директоры лаўазымына шекем көтерилди. Сарыгүл Баҳадырова 1970-жылы 26 жасында Өзбекстан Илимлер академиясының А.С.Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институты жанындағы докторлық диссертацияларды жақлаў бойынша Қәнигелестирилген кеңесте академик М.К.Нурмухамедовтың илимий басшылығында «Ҳәзирги заман қарақалпақ гүрриңлери» деген темада кандидатлық диссертациясын табыслы жақлап шығады.

1970-жыллардың ақырында бурынғы аўқамның Жоқары аттестациялық комиссиясы қайта дүзилип, миллий республикаларда жазылатуғын диссертацияларды тек ғана жоқары дәрежедеги рус тилинде жазыўды талап етти. Сол ўақытлары Сарыгүл Баҳадырованың «Ҳәзирги заман қарақалпақ романы» деген диссертациясы таяр еди. Ол питип турған докторлық диссертациясын жақлаўға усынбастан алдын Москваға, пүткил жәҳән институтына тәжирийбе арттырыў ушын кетеди. Бул жерде белгили тюрколог илимпаз, профессор З.С.Кедринаның басшылығында илимий жумыс алып барады. З.С.Кедрина оның докторлық диссертациясының биринши вариантын жақлаўға койыўға мәсләҳәт береди. Сарыгүл апаға жумыс еле де питпей турғандай түйилип, ол қарақалпақ романының миллий өзгешеликлерин еле де терең ашқысы келеди ҳәм бул жумысты «Романда миллийлик ҳәм улыўма адамзатқа тән характер» деген машқалаға бурды. Бул жумыс «Роман ҳәм дәўир» деген атама менен 1978-жылы өз алдына китап болып шықты. Ҳәмме Сарыгүл апа бул мийнетин жақлаўға қояды деп ойлады. Бирақ, ол енди буны фольклор менен байланыстырды. «Фольклор ҳәм қарақалпақ совет прозасы» темасындағы диссертациясын Москвадағы М.Горький атындағы пүткил жәҳән институтының көп миллетли совет әдебияты секторына талқылаўға усынады. Талқылаўда шығып сөйлеген Г.И.Ломидзе, З.Османова, З.С.Кедрина, А.И.Алиева, Залесская, Р.Юсуфов сыяқлы илимпазлар жумысты жоқары баҳалады ҳәм сол биринши талқылаўда-ақ теманы жақлаўға усыныс етти. Соннан кейин ғана ол 1987-жылы 43 жасында Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының А.С.Пушкин атындағы тил ҳәм әдебият институты жанындағы докторлық диссертациялар жақлаў бойынша Қәнигелестирилген кеңесте «Фольклор ҳәм қарақалпақ совет прозасы» темасында докторлық диссертациясын жақлайды.

Оның диссертациясына белгили өзбек алымлары – И.А.Султанов, А.Каюмов, Т.Мырза, Э.А.Каримов күтә жоқары баҳа береди. Усы докторлық диссертациясы мазмунында «Фольклор и каракалпакская советская проза»

(1984) атамасындағы монографиясын рус тилинде баспадан шығарды. Бул монография ҳаққында «Вопросы литературы» (Москва, №6, 1985) журналының бетинде рецензия басылып шықты. Рецензия авторы Т.Давыдова бул жумысты қарақалпақ әдебияттаныў илиминде емес, ал бурынғы аўқам илиминде үлкен жетискенлик деп баҳалайды. Усының өзи қарақалпақ илимине берилген күтә жоқары баҳа еди. Бул жумыста С.Бахадырова бурын ҳеш айтылмаған жаңа илимий концепцияларды усынды. Дүнья илиминде биринши рет фольклоры раўажланған халықларда халықтың миллий мийрасты ядында сақлаў уқыбының күшли болғанлығы ҳәм оның реалистлик әдебияттың қәлиплесиўинде айрықша орны анықланды. Ол буннан кейин өзиниң илимий жумысларын қарақалпақ фольклоры менен терең байланыстырады.

Алымның илимий мийнетлериниң көпшилиги әдебият ҳәм фольклорға арналып, ҳәзирги күнде алымның 10 ға жақын монографиялары менен сабақлықлары, 400 ден артық илимий мақалалары менен тезислери басылып шықты. Мақалалары Ҳиндистан, Түркия, Кипр, Россия, Татарстан, Қазақстан, Қырғыстан, ҳәм т.б. еллеринде конференция материалларында басып шығарылды. Қарақалпақ фольклорының жаңа тарийхы, қарақалпақ жыраўларының тарийхы, қарақалпақ дәстанларының 100 томлығы оның басламасы менен исленген фундаментал жумыслардан болды.

Бул ҳаққында фольклоршы илимпаз Ж.Хошниязов былайынша пикир билдиреди: «Оның (С.Баҳадырованың – Б.З.) тиккелей қатнасыўында қарақалпақ халқының атадан балаға өтип киятырған ҳасыл мийрас мүлклериниң бири болған әпсана-аңызлар, анекдотлар, «Алпамыс», «Едиге», «Қоблан» сыяқлы белгили дәстанлар қайта жарық көрди. Ҳәзирги экономикалық қаржылардың кемлигине қарамай қарақалпақ халқының фольклоры бойынша 100 томлық шығарыў жумысларын баслаўға тәўекелшилик етти. Бул жумыслар пухта жобаластырылып, бир неше томлардың дискетлик вариантлары таярланды. Қарақалпақ халқының дәстанларын шет еллерде шығарыў, шет ел алымлары менен бирге ислесиўде де көпке өрнек болатуғын, халқымызға мақтаныш болатуғын хызмет иследи. Ол жәмийетлик жумыслар тараўында да қарақалпақ әдебияты ҳәм фольклорын дөретиўшилердиң жан ашыры сыпатында да мол тәжирийбеге ийе басшыға айланды. Оның басламасы менен республикалық жоқары шөлкемлердиң қоллап-қуўатлаўы нәтийжесинде ЮНЕСКОның исенимине ийе болып Қарақалпақстанда әдебият ҳәм фольклор мәселеси бойынша биринши рет изли-изинен халық аралық илимий-теориялық конференциялар шөлкемлестириўге еристи [Хошниязов Ж., 2004].

1997-жылы профессор С.Баҳадырованың басламасы менен «Қарақалпақ халық дәстаны «Қырық қыз» ҳәм түркий тиллес халықлар фольклорын

изертлеў» деген темада халық аралық илимий конференция өткизилди. Конференция илимий форум болыў менен бирге шын мәнисиндеги улыўма халықлық байрам болып өтти. Конференцияға Түркия, Кипр, Әзербайжан, Қырғызстан, Қазақстан, Өзбекстаннан белгили илимпазлар келди. Олар Қарақалпақстанның жери, тарийхый орынлары, мәденияты, илим орайлары менен танысты. Конференцияға БМШтың Өзбекстандағы ўәкилханасының сол ўақыттағы баслығы Х.Малик келди ҳәм шығып сөйледи. Ол «Қырық қыз» дәстанына арналған конференция материалларын бастырыўға қаржы ажыратты. Бул конференцияның әҳмийети – дүнья халықларына «Қырық қыз» қарақалпақ халкының миллий эпосы екенлигин дәлийлеп берди. Конференцияға келген илимпазлар өз елине барғаннан сон қарақалпақ халық дәстаны «Қырык қыз» ҳаққында бир неше мақалалар басып шығарды.

Буннан соң, Сарыгүл Баҳадырованы қарақалпақ халық дәстаны «Едиге»ниң тәғдири ойландырды. Бул бурынғы кеңес ҳүкимети ўақтында қадаған етилген дәстанлардың бири еди. Соның менен бирге, басқа да көплеген халықларда миллий версияларға ийе дәстан. Бирақ, ең күшли варианты қарақалпақта екенлигин илимпазлар мойынлаған. Соны илимий жақтан белгилеп, анықлық киргизиў С.Баҳадырованы толғандырып жүрген мәселе еди. Ол бул дәстанның тек ғана қарақалпақ версиясына арналған «Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге» ҳәм оны изертлеў мәселеси» деген темада халық аралық конференция өткизиўге Өзбекстан Илимлер академиясына усыныс киргизди ҳәм бул усыныс мақулланып, Министрлер Кабинетиниң арнаўлы қарары шықты. Конференция 2001-жылы Нөкис қаласында жоқары дәрежеде өтти. Оған Өзбекстаннан, Германиядан, Түркия, Япония, Қазақстаннан илимпазлар келди. Қазақстан Илимлер академиясының академиги Р.Бердибаев: «Едиге» бизде де бар, бирақ Сиз мәрт екенсиз. Биз «Едиге» ни еле көтермедик, ал Сиз көтердиңиз» деп Сарыгүл апаның мийнетин жоқары баҳалады.

С.Баҳадырова өз халқының миллий байлығын дүньяға мақтаныш етиў ушын көплеген илимий форумларда баянат жасады. Уфада «Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге», «Қарақалпақ халық шежиреси», Элистада «Қарақалпақ халық дәстаны «Қоблан» ҳаққында, Анкарада «Қарақалпақ фольклоры жанрлары», Кипрде «Қорқыт ата ҳәм қарақалпақ фольклоры», Куньяда «Қорқыт ата ҳәм қарақалпақлар», Измирде «Қырық қыз» – қарақалпақ халық дәстаны» темаларында баянатлар жасады. Ол 2004-жылы Бонн университетинде оқыўшылар, студентлер, профессорлар алдында «Қарақалпақ дәстанлары ҳәм жыраўлары» ҳаққында лекция оқып қайтты. Бул баянатты Бонн университетиниң студентлери менен оқытыўшылары күтә үлкен қызығыўшылык пенен күтип алды.

С.Баҳадырова 2003-жылы гүзде үшинши халық аралық конференциясын «Түркий тиллес халықлар фольклорында халық көркем өнери» деген темада өткизди. Әлбетте, ҳәр бир конференцияның халық мийрасларына арнап өткизилиўи – бул бизиң халқымызды дүньяға танытыў деген сөз. «Едиге» дәстанының қарақалпақ версиясы Германия илимпазы К.Райхл тәрепинен инглис ҳәм немец тиллерине аўдарылды ҳәм баспадан шығарылды.

Ол 1990-2007-жыллары Н.Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият институтында (хәзирги Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты) директор лаўазымында иследи. Усы жыллары оның илимий басшылығында исленген ең баслы жумыслардың бири «Қарақалпақ фольклорының 100 томлығын» баспаға таярлаў ислери болды. Ол усындай ийгиликли жумыстың инициаторы ҳәм илимий басшысы болды.

С.Баҳадырова тюркологияда жаңа илимий бағдардың тийкарын салды десек асыра айтқан болмаймыз. Ол дәстанды изертлеўде жыраўдың атқарыў өнерин илим дәрежесине көтериў, жыраў намаларының дәстанның мазмунын ашыўдағы хызметин эпостаныўдың тийкарғы тараўы екенин дәлийллеп берди. Қарақалпақ жыраўларының жоғалып баратырған мелодияларының энциклопедиясын ислеп шықты. Ол қарақалпақ жыраўларының 151 мелодиясын анықлады. Ол 62 халықаралық илимий конференцияларда, конгресс, симпозиумларда қарақалпақ дәстанлары ҳаққында баянатлары менен қатнасып, шығып сөйледи. Соның 41 и тек қарақалпақ жыраўы, оның музыкасына арналды. Бүгинги күнге шекем С.Баҳадырованың оннан аслам монографиялары ҳәм сабақлықлары, 400 ден аслам мақалалары басылып шығып, халқымыздың руўҳый дүньясын байытыўға ҳәм шет еллерге танытыўға хызмет етип келмекте.

С.Баҳадырованың қарақалпақ фольклортаныўы ҳәм әдебияттаныўы илимине арналған «Роман ҳәм дәўир» (1978) «Фольклор и каракалпакская советская проза» (1984), Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги» (С.Ахметов пенен 1992), «Китаби дедем Қорқыт» «Қоблан» «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар» (1992), «Қарақалпақ қандай халық» (2017), «Қарақалпақ халық дәстанлары: «Қырық қыз», «Алпамыс», «Қоблан», «Едиге» (2024) атамасындағы монографиялары менен жәмәәтлик авторлар менен биргеликте «История каракалпакской советской литературы» (1981), «Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очерклери» (1986) сыяқлы китаплары басылып шығып, әдебият изертлеўшилери менен кең китап оқыўшыларының зәрүр оқыў қолланбасына айланды.

Профессор С.Баҳадырова ғәрезсизлигимиздиң дәслепки күнлеринен баслап-ақ, бурын баспа сөзде арнаўлы китап болып шықпаған «Өмирбек анекдотлары»н (Қ.Мәмбетназаров пенен, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990),

«Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары ҳәм шешенлик сөзлери»н (Қ.Мәмбетназаров пенен, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992), «Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги» (С.Ахметов пенен, Нөкис, «Билим», 1992), «Едиге» дәстаныныӊ «Тулым бий» варианты (Т.Ниетуллаев, К.Алламбергеновлар менен, «Қарақалпақстан муғаллими», 1993, №2-3. 98-109-бетлер), «Ер-Шора» дәстаныныӊ Есемурат жыраў вариантын (Қ.Мәмбетназаров пенен, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1995), «Қырық қыз» дәстаныныӊ Қурбанбай жыраў вариантын («Қырық қыз». Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997), «Едиге» дәстаныныӊ Өтенияз жыраў Ийимбет улынан жазып алынған вариантын (Қ.Мәмбетназаров, Ж.Низаматдиновлар менен, «Едиге», Нөкис, «Қарақалпақстан», 2001), «Едиге» дәстаныныӊ Жумабай жыраў Базаров жырлаған, Әбдрейим Султанов тәрепинен жазып алынған варианатын («Әмиўдәрья» журналы, 2004-жыл, №1; 2; 3; 4-санлары) ҳәм т.б. мийрасларымызды баспаға таярлап, жәриялаўда ҳәм изертлеў жумысларын алып барыўда белсендилик етти. Быйылғы жылы алымның қарақалпақ дәстанларын басқа түркий халықлар дәстанлары менен салыстырмалы үйрениўге арналған «Қарақалпақ дәстанлары: «Қырық қыз», «Алпамыс», «Қоблан», «Едиге» (Ташкент: Anorbooks. 2024) монографиясы басылып шығып, ири фундаментал мийнетлерди үзликсиз дөретип атырғанлығының айқын гүўасы боламыз.

Алым 1978-жылы Қарақалпақстан Жаслар аўқамы сыйлығының лауреаты, Бурынғы Аўқам Жазыўшылар аўқамының және Әдебият фондының ағзасы, 1984-жылы Әбу Райхан Беруний атындағы Илим ҳәм техника тараўы бойынша Өзбекстан Мәмлекетлик сыйлығының, 2006-жылы «Халық мийрасын сақлаў» бойынша Николая Рерих атындағы халық-аралық сыйлықлықтың лауреаты болыўға миясар болды. 1992-жылы Жоқары Аттестациялық комиссиясы тәрепинен «Үлкен илимий хызметкер» илимий, 1993-жылы «Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери», 2005-жылы ЖАК тәрепинен «Профессор» илимий атағы берилди. Алым ҳәм жазыўшы 1996-жылы Өзбекстан Республикасы Журналистлер аўқамының, 1998-жылы Өзбекстан Республикасы Жазыўшылар аўқамының, 2004-жылы «Дүнья тюркологлары ассоциациясының», 2009-жылы Халық-аралық тюркологиялық «Алтаистика және түркология» журналының редколлегия ағзасы болып сайланды.

С.Баҳадырова көп жыллық илимий искерлиги даўамында Қарақалпақ мәмлекетлик университети жанындағы докторлық илимий дәрежелер бериўши Илимий кеңес ағзасы (1992-2007-жыллары), ҳәзирги ўақытта Өзбекстан Илимлер академиясы Өзбек тили, әдебияты ҳәм фольклоры институты жанындағы докторлық илимий дәрежелер бериўши Илимий кеңестиң ағзасы сыпатында илимий кадрларды таярлаўға белсене қатнасып келмекте. Ҳәзирги

күни де алым республикамыздағы бирден бир көркем әдебият, сын ҳәм жәмийетлик ой-пикир журналы «Әмиўдәрья» ҳәм де халықаралық «Алтаистика жəне тюркология» журналының, халықаралық илимий басылымлардың редколлегия ағзасы.

Алымның исми 2005-жылы Нобель премиясына усынылған 1000 дүнья ҳаялларының дизиминде турды.

С.Баҳадырованы республика жәмийетшилиги жазыўшы сыпатында да жақыннан таныйды. Оның «Анама хат», «Жаўын тамшылары», «Ҳаяллар», «Адамды адам бахытлы етеди», «Адам қәдири», «Кешиккен солдат», «Рәўшан», «Тумарис ҳәм Кир», «Қанатынан қайрылған суңқар» сыяқлы повестлери, «Тәғдир» атлы роман-дилогиясы баспадан шықты. С.Баҳадырова «Тәғдир» романы менен Орайлық Азияның ҳаял-қыз жазыўшылары арасында кең көлемли роман-эпопея жазған биринши жазыўшы болып есапланады.

Әлбетте, биз сөз етип отырған талант ийеси, профессор С.Баҳадырованың илимий ҳәм көркем дөретиўшилиги рәңбәрең ҳәм көп қырлы. Сонлықтан да, саналы өмирин илим ҳәм көркем әдебиятқа бағышлаған Сарыгүл Баҳадырованың дөретиўшилик лабораториясын келешекте төмендегише бағдарларға ажыратып, системалы түрде изертлеў мақсетке муўапық деп есаплаймыз.

– С.Бахадырованың қарақалпақ фольклортаныў илими бойынша изертлеўлери;

– Алымның ноғайлы дәўири жыраў-шайырлары ҳәм классик шайырларымыздың өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша изертлеўлери;

– С.Баҳадырованың қарақалпақ әдебияттаныў илимине қосқан үлеслери;

– Илимпаздың қарақалпақ халық аўызеки дөретпелерин (дәстанларын ҳ.т.б.) басқа халықлар фольклоры менен салыстырмалы изертлеўлери;

– Жазыўшы С.Баҳадырованың көркем әдебиятқа қосқан үлеслерин, гүрриң, повестлери ҳәм романлары мысалында талқылаў.

С.Баҳадырованың илимдеги ең бийик мақсети – қарақалпақ халқының бай мийрасларын талқылаўлары арқалы көшип-қонып, посып жүрген халық емес, ал отырықшы, өзиниң миллий цивилизациясына ийе, адамзат дөреткен алтын қорға үлкен үлес қосқан әййемги халықлардың бири сыпатында дәлийллеп бериў болса, көркем шығармаларында рәңбәрең образлар галериясын дөретиў арқалы өз халқын мактаныш етип, дүнья халықларына таныйўдан ибарат болды.

Әлбетте, алым-жазыўшының дөретиўшилик лабораториясы тематикалық, жанрлық ҳәм мазмунлық жақтан да оғада кең ҳәм бай болып, келешекте биз көрсетип өткен ҳәр бир бағдарлар бойынша өз алдына бир неше илимий изертлеўлер алып барыў мүмкиншилигин береди.

**ӘДЕБИЯТЛАР:**

1. Хошниязов Ж. Дәўир қызы // «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 2024. 20-март.